# УЙҒАРЫЎ

(жарасқанлық мүнәсибети менен жынаят исин өндиристен қысқартыў ҳаққында)

2019-жыл 20-сентябрь Шоманай районы

Жынаят ислери бойынша Қанлыкөл район суды, жынаят ислери бойынша Шоманай район судының имаратында, ашық суд мәжилисинде,

басшылық етиўши – усы судтың баслығы Е.Абибуллаев,

судья жәрдемшиси - Б.Жумабаевтың хаткерлигинде,

тәреплерден мәмлекетлик айыплаўшы Қанлыкөл районы прокурорының жәрдемшиси лаўазымында ис үйрениўши А.Аралбай улы,

жәбирлениўшилер [redacted]

[redacted]

туўылған, миллети өзбек, Өзбекстан Республикасы пуқарасы, мағлыўматы орта, жумыссыз, семьясынан ажырасқан, [redacted] аймағында жасайды.

Өзбекстан Республикасы ЖКниң 266-статьясы 1-бөлими менен гүман қылыныўшы [redacted] жынаят исин көрип шығып, төмендегилерди

анықлады:

Дәслепки тергеў уйымының ҳүжжетлерине көре, [redacted] күни саат 07:30 лар шамасында өзиниң басқарыўындағы, пуқара [redacted] тийисли "Нексия-3" маркалы мәмлекетлик белгиси [redacted] болған автомашинасын исеним хат арқалы Қанлыкөл районы Қанлыкөл ППЖ аймағынан өткен Гузар-Бухара-Нөкис-Бейнеў А-380 жолында шығыстан батыс тәрепке басқарып баратырып, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2015-жыл 24-декабрь күнги 370-санлы қарары менен тастыйықланған «Жол ҳәрекети қағыйдалары»ның 77-бәнтиндеги «айдаўшы ҳәрекеттиң көп қатнаўлы екенлигин, транспорт қуралы ҳәм жүктиң характерин ҳәм де жағдайын, жол ҳәм ҳаўа-райы шәраятын, сондай-ақ, ҳәрекет жөнелисиндеги көринисти есапқа алған ҳалда, транспорт қуралы тезлигин белгиленгенинен асырмастан басқарыўы керек, тезлик айдаўшыға усы қағыйдалар талапларын орынлаў ушын транспорт қуралының ҳәрекетин бәркулла қадағалап барыў имканиятын бериўи керек, ҳәрекетлениў ўақтында айдаўшы анықлай алыўы имканиятында болған қәўип яки тосық пайда болса, ол транспорт қуралының тезлигин толық тоқтаўын тәмийинлейтуғын

дәрежеде кемейтириўи ямаса тосықты басқа ҳәрекет қатнасыўшылары ушын қәўип туўдырмаған ҳалда айланып өтиў шараларын көриўи керек» деп көрсетилген талапларын қопал рәўиште бузып, автомашинасының басқарыўын жоғалтып, усы жолды арқа тәрепине шығып кетип, жол транспорт ҳәдийсесин сәдир еткен, нәтийжеде автомашина ишинде болған жас өспиримлер [redacted] дене жарақатын алып емлеўханаға түскен.

Суд-медициналық экспертизасының 2019-жыл 28-август күнги 110-санлы жуўмағына көре, жас өспирим [redacted] өмир ушын қәўипли болған "аўыр" дәрежедеги дене жарақатын, суд-медициналық экспертизасының 2019-жыл 27-август күнги 107-санлы жуўмағына көре, жас өспирим [redacted] "жеңил" дәрежедеги дене жарақатын, суд-медициналық экспертизасының 2019-жыл 27-август күнги 108-санлы жуўмағына көре, жас өспирим [redacted] "орта" аўырлықтағы дәрежедеги дене жарақатын, суд-медициналық экспертизасының 2019-жыл 28-август күнги 109-санлы жуўмағына көре, [redacted] "орта" аўырлықтағы дәрежедеги дене жарақатын, суд-медициналық экспертизасының 2019-жыл 28-август күнги 111-санлы жуўмағына көре, [redacted] өмир ушын қәўипли болған "аўыр" дәрежедеги дене жарақатын алған.

Жоқарыдағы хәрекетлери менен [redacted] Жынаят Кодексиниң 266-статьясы 1-бөлиминде нәзерде тутылған жынаятты сәдир еткенликте гүман қылыныўшы қатарында иске тартылған.

Дәслепки тергеў дәўиринде гүман қылыныўшы ҳәм жәбирлениўшилердиң арзасына тийкар, Қанлыкөл районы ИИБ жанындағы тергеў топары аға тергеўшиси 2019-жыл 15-сентябрь күнги қарарына көре, гүман қылыныўшы [redacted] қарсысына Өзбекстан Республикасы ЖКниң 266-статьясы 1-бөлими менен топланған жынаят иси жарасқанлық мүнәсибети менен қысқартыў мәселесин шешиў ушын судқа жиберилген.

Гүман қылыныўшы [redacted] суд мәжилисинде айыбын толық мойынлап 2019-жыл 4-август күни саат 07:30 лар шамасында пуқара [redacted] маркалы автомашинасын Қоңырат районына басқарып баратырып, жолда автомашина басқарыўын жоғалтып, шетке шығып аўдарылып кеткенин, қылмысынан пушайман екенин, сәдир еткен қылмысының ақыбетлерин аңлағанлығын, жәбирлениўшилерге жеткерилген зыянды толық қаплағанлығын, ҳәзирде жәбирлениўшилер менен бирде-бир басымсыз жарасып алғанлығын айтып, жынаят исин қысқартыўды сорады.

Жәбирлениўши жас өспиримлер [redacted] суд мәжилисинде [redacted] ҳеш қандай даўасы жоқ екенлигин, жеткерилген зыянларды толық қаплап бергенлигин, арзаны өз қәлеўи менен жазғанлығын, оған бирде-бир басым

болмағанлығын, жарасыў суд тәрепинен тастыйықланғаннан кейин келип шығатуғын ҳуқықый ақыбетлерди түсингенлигин айтып, жынаят исин қысқартыўды сорады.

Жәбирлениўши [redacted] суд мәжилисинде өзлериниң жарасыў ҳаққындағы арзаларын қуўатлап, [redacted] ажапасы болатуғынын, оған ҳеш қандай даўасы жоқ екенлигин, жеткерилген зыянларды толық қаплап бергенлигин, арзаны өз қәлеўлери менен жазғанлығын, өзлерине бирде-бир басым болмағанлығын, жарасыў суд тәрепинен тастыйықланғаннан кейин келип шығатуғын ҳуқықый ақыбетлерди түсингенлигин айтып, жынаят исин қысқартыўды сорады.

Пуқаралық даўагер [redacted] суд мәжилисинде өзиниң атында болған автомашинаны [redacted] сатқанлығын, болған ўақыя бойынша [redacted] ҳеш қандай даўасы жоқ екенлигин, жеткерилген зыянларды толық қаплап бергенлигин, арзаны өз қәлеўи менен жазғанлығын, өзине бирде-бир басым болмағанлығын, жарасыў суд тәрепинен тастыйықланғаннан кейин келип шығатуғын ҳуқықый ақыбетлерди түсингенлигин айтып, жынаят исин қысқартыўды сорады.

Өзбекстан Республикасы ЖКниң $66^1$-статьясына муўапық, ЖКниң 266-статьясы 1-бөлиминде нәзерде тутылған жынаятты сәдир еткен шахс, егер ол өз айыбын мойынласа, жәбирлениўши менен жарасса ҳәм жеткерилген зыянды сапластырса, жарасқанлық мүнәсибети менен жынайый жуўапкершиликтен азат етилиўи мүмкин.

Суд, гүман қылыныўшы [redacted] жарасыў ҳаққындағы арзаларын жынаят иси ҳүжжетлери менен үйренип, Қанлыкөл район прокуроры жәрдемшисиниң жынаят исин жарасқанлық мүнәсибети менен өндиристен қысқартыў ҳаққындағы пикирин еситип, гүман қылыныўшы [redacted] алдын судланбағанлығын, айыбын мойынлап турғанлығын ҳәм келтирилген зыянлардың толық қапланғанлығын, жәбирлениўши ҳәм гүман қылыныўшыға бирде-бир басым болмағанлығын, жарасыў гүман қылыныўшы менен жәбирлениўшилер, нызамлы ўәкил ҳәм пуқаралық даўагерлердиң қәлеўлери менен болғанлығын ҳәмде Өзбекстан Республикасы ЖКниң 266-статьясы 1-бөлиминде нәзерде тутылған жынаят ЖКниң $66^1$-статьясына муўапық, жарасыўға түсетуғынлығын инабатқа алып, [redacted] қарсысына жүритилген жынаят исин жарасқанлық мүнәсибети менен өндиристен қысқартыўды лазым табады.

Сол менен бирге, суд жәбирлениўшилерге ҳәм пуқаралық даўагерге Өзбекстан Республикасы ЖПКниң 583-статьясы 5-бөлимине тийкар усы жарасыў суд тәрепинен тастыйықланғаннан соң, олар усы ис бойынша ис жүритиўди қайта тиклеў ҳаққында илтимаснама бериў хуқықын жоғалтыўын түсиндириўди лазым табады.

Сондай-ақ, суд уйғарыў нызамлы күшине киргеннен соң жынаят исине қосылған судланыўшы [redacted] өзине қайтарып бериўди лазым табады.

Өзбекстан Республикасы ЖПКниң 84-статьясының 4-бөлими, 585-586-статьяларына әмел етип, суд

уйғарды:

Өзбекстан Республикасы Жынаят кодексиниң 266-статьясы 1-бөлиминде нәзерде тутылған жынаятты сәдир еткенликте гуман қылыныўшы қатарында иске тартылған [redacted] қарсысына топланған жынаят иси жәбирлениўшилер менен судланыўшының жарасқанлығы мүнәсибети менен Өзбекстан Республикасы ЖПКниң 84-статьясының 4-бөлимине тийкар өндиристен қысқартылсын.

Жәбирлениўшилер [redacted] усы ис бойынша ис жүритиўди қайта тиклеў жүзесинен илтимаснама бериў ҳуқықы жоғалғанлығы түсиндирилсин.

Уйғарыў нызамлы күшине киргеннен соң жынаят исине қосылған судланыўшы [redacted] өзине қайтарып берилсин.

Уйғарыў үстинен 10 сутка ишинде усы суд арқалы Қарақалпақстан Республикасы жынаят ислери бойынша судына апелляциялық тәртипте жеке арза берилиўи яки протест келтирилиўи мүмкин.

Басшылық етиўши: Е.Абибуллаев